



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 35 MILYON DOLA POU OMWEN 1,400 INITE  
LOJMAN KI BAY SIPÒ ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Inite lojman ki bay sipò yo ap ede ansyen militè yo, viktim vyolans famiyal,  
granmoun frajil ak andikape yo ak lòt popilasyon ki vilnerab yo***

***Sizyèm faz Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State enkli 192 pri pou founisè  
lojman nan chak rejyon Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul today te anonse jodi a 192 sibvansyon sou kondisyon ki bay yon total 35 milyon dola pou ajans lojman nan chak rejyon atravè New York pou bay sèvis sipò ak finansman operasyon pou omwen 1,400 inite lojman ki bay sipò pou moun sanzabri ki gen bezwen espesyal, pwoblèm sante oswa lòt difikilte.

Sizyèm faz finansman Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki reyini ansanm uit ajans eta pou bay finansman pou lojman ki bay sipò pou popilasyon vilnerab yo, enkli ansyen militè, viktim vyolans domestik yo, granmoun frajil oswa andikape yo, jèn adilt ki gen istwa prizon, pwoblèm sanzabri oswa fanmi dakèy, moun ak fanmi ki kwonikman sanzabri, ansan ak moun ki gen pwoblèm sante, ki soufri twoub sante mantal ak/oswa toksikomani.

"Pwopagasyon kontini ensekirite lojman an te youn nan enpak ki fè plis domaj pandemi an epi se chaj nou tout pou asire nou bay resous Nouyòkè ki vilnerab yo bezwen pou yo pa sèlman simonte moman difisil yo, men pou konstui tou yon lavi ki epanouyi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè lojman ki bay sipò yo sible rezon prensipal pwoblèm sanzabri a lè li asosye lojman nan pri abòdab ak sèvis sipò ki enpòtan epi atravè investisman tankou sa, nou ka kontinye pwojè sa yo nan chak kwen nan eta a pou asire okenn Nouyòkè pa rete dèyè."

Gwoup Travay Ant Ajans ESSHI a, ki verifye aplikasyon pou finansman yo genyen ladan l reprèzantan ki soti nan Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Depatman Sante (Department of Health, DOH) ki gen ladan Enstiti SIDA (AIDS Institute); Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR), Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS); Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family Services, OCFS); Biwo Prevansyon Vyolans Famiyal (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV); Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun

Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ak Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD).

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pou lojman ki bay sipò a ap bay kay ki an sekirite epi ki estab ak sèvis sipò pou moun k ap viv ak maladi mantal ak lòt difikilte. Pri sa yo ap bay moun ak fanmi yo opòtinite pou viv nan fason endepandan epi ki reyisi nan pwòp kominote yo, ki se yon etap enpòtan sou wout rekiperasyon an. OMH fyè pou fè pati pwogram ESSHI a epi bay lespwa pou Nouyòkè nan chak rejyon nan eta a."

**Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare,** "Lojman estab fondamantal pou siksè jèn adilt yo, ke yo ap vyeyi deyò sistèm fanmi dakèy la, te sanzabri avan oswa y ap retounen nan kominote a apre yon plasman lajistis pou minè. Lojman ki an sekirite epi sekirize ofri estabilite ki nesèsè ki bay jèn moun yo libète pou konsantre pou pouswiv yon opòtinite edikatif, travay oswa pwofesyonèl pou sipòte konstriksyon yon avni bryan."

**Komisè Egzekitif Adjwen Biwo Asistans Tanporè ak Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Sèvis sipò yo se yon eleman ki tèlman enpòtan sou apwoch pou mete fen nan pwoblèm sanzabri epi asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan lojman estab. Lè nou bay sila yo ki pi vilnerab pami nou yo sèvis sa yo, nou ka ede yo abòde kondisyon sou kote yo ki ka kontribye nan ensekirite lojman yo epi ede yo viv nan tout sekirite nan yon kad ki endepandan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li sipòte Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la solidman ak paske li se yon defansè enfatigab pou sila yo ki te sanzabri"

**Direktè Egzekitif OPDV a, Kelli Owens te deklare,** "San lojman sekirize epi nan pri ki abòdab, anpil viktim vyolans domestik dwe fè chwa ki enposib ak patnè k ap abize yo oswa vin sanzabri. Pandan Eta New York ap transfòme sistèm yo pou vin plis santre sou sivivan, enfòmè sou twomatis epi responsab sou plan kiltirèl, n ap refòme sèvis yo epi bay priyorite a solisyon lojman pèmanan ki estabilize fanmi ki afekte pa anpil fòm abi. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou anpeche vyolans domestik ak pou lidèchip li nan asire ke sivivan yo gen sipò yo bezwen an."

**Komisè pa Enterim Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman la, Kerry Neifeld, te deklare,** "Gras ak Gouvènè Hochul, ak Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la, n ap kapab devlope epi sipòte opòtinite lojman ki entegre ki baze nan kominote a pou moun ki gen twoub devlopman. Menm jan ke yon nouvo pwojè lojman ka transfòme katye ak kominote yo, li ka transfòme lavi yon moun tou - k ap ba yo yon kay ak yon fondman pou konstui avni yo. Yon òf lojman nan pri ki abòdab ki bay sipò vital pou asire endepandans ak byennèt moun ki gen twoub devlopman ki vle yon pati aktif nan kominote yo."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominotè ak Lojman (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, te deklare,** "Inisyativ Lojman ki Bay

Sipò Empire State la bay finansman pou sèvis ki nesèsè anpil ki ede moun ak fanmi gen sekirite lojman, estabilite finansyè ak pi bon rezilta sante. Pwogram ki reyisi sa konplete efò HCR pou konstui epi prezève devlopman lojman ki entegre epi enklizif atravè eta a. Gras ak Faz 6 pri ESSHI yo, apeprè 8,000 Nouyòkè ak gen kay pou rele lakay yo epi gen aksè nan swen ki sove lavi epi ki esansyèl."

**Komisè OASAS, Doktè Chinazo Cunningham te deklare,** "Mwen aplodi efò kolaborasyon sa ant ajans eta yo pou asire ke nou bay lojman ki bay sipò sekirize epi pèmanan pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Devlopman sa yo se yon pati esansyèl nan kontinite swen OASAS yo ki pèmèt nou sipòte moun pou viv lavi ki sen ak lavi ki pwodiktif."

**Komisè Sante Eta New York pa Enterim nan Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Kriz sanzabri a te rive lwen nan enplikasyon sante piblik. Moun ki pa gen kay manke yon resous kle pou yon lavi ki sen. Ajans New York yo ap travay ansanm pou bay lojman ki sekirize epi ki abòdab k ap abouti sou benefis sante ki amelyore nan tout eta a."

Eta New York se yon lidè nasyonal nan pnan devlopman ak lojman ki bay sipò kontini pou fanmi ak moun k ap viv ak maladi mantal ak lòt bezwen. Yo te demontre ke lojman ki bay sipò bay estabilite, sekirite ak opòtinite pou moun ak fanmi viv nan pwòp kay ak kominte yo pandan y ap pran wout rekiperasyon. Lojman ak sèvis sipò yo pral redwi tou bezwen pou vizit ki koute chè yo nan depatman ijans ak sejou pasyan entèn yo nan lopital.

Sibvansyon kondisyonèl yo se pou finansman fonksyononman ak sèvis ki nesèsè pou fè fonksyone inite lojman ak sipò pèmanan yo. Sibvansyon yo pral pèmèt demandè yo jwenn fon kapital apa pou finanse devlopman ak konstriksyon pwojè lojman yo an.

Sibvansyon yo gen dwa sèvi pou ofri popilasyon sib ki kalifye yo asistans pou lwaye ak sèvis pou garanti yo gen lojman estab, tankou paregzanp:

- Sèvis swen sante primè ak konpòtman yo;
- Fòmasyon ak/oswa asistans pwofesyonèl ak pou anplwa;
- Asistans Edikatif, ki gen ladan sipò pou Ekivalan Diplòm Segondè (General Education Development, GED);
- Devlopman ak sipò pou konpetans parantal;
- Asistans swen pou timoun;
- Konsèy sikolojik ak entèvansyon kriz;
- Sèvis pou timoun, ki gen ladan defans edikasyon sipò ak konsèy sikolojik; ak
- Sèvis oswa pèsònèl pou idantifye ak jwenn moun ki elijib ki bezwen lojman yo.

Benefisyè yo reyon se:

## **CAPITAL REGION**

CARES of NY, Inc.  
The Albany Damien Center Inc.  
Rehabilitation Support Services, Inc.  
Unity House of Troy Inc. (7 awards)  
Mohawk Opportunities, Inc.  
Better Community Neighborhoods, Inc.

### **CENTRAL NEW YORK**

DePaul Community Services, Inc. (2 awards)  
The Salvation Army  
Rehabilitation Support Services, Inc.  
RISE Housing and Support Services, Inc.  
Better Community Neighborhoods, Inc.  
Unity House of Cayuga County, Inc.  
Liberty Resources, Inc.  
Elmcrest Children's Center, Inc.  
Catholic Charities of the Roman Catholic Diocese of Syracuse, Ny  
Helio Health, Inc  
ARISE Child and Family Service Inc.  
DePaul Community Services, Inc.  
Oswego County Opportunities Inc.  
AccessCNY, INC.  
Visiting Nurse Association of Central New York, Inc.

### **FINGER LAKES**

YWCA Rochester and Monroe County (2 awards)  
The Salvation Army  
Finger Lakes Area Counseling and Recovery Agency- FLACRA (2 awards)  
Eagle Star Housing, Inc.  
Catholic Charities of the Diocese of Rochester (2 awards)  
Urban League of Rochester, NY Inc.  
Eagle Star Housing, Inc.  
Helio Health, Inc (2 awards)  
Episcopal SeniorLife Communities  
DePaul Community Services, Inc. (2 awards)  
Eagle Star Housing, Inc.  
Volunteers of America of Western New York, Inc. (2 awards)  
Veterans Outreach Center, Inc.

### **LONG ISLAND**

SELFHELP COMMUNITY SERVICES  
Options for Community Living, Inc.  
CONCERN FOR INDEPENDENT LIVING INC (9 awards)  
WellLife Network Inc. (3 awards)  
Federation of Organizations for the NYS Mentally Disabled, Inc.  
FAMILY SERVICE LEAGUE, INC  
New Ground Inc.

## NEW HOUR FOR WOMEN AND CHILDREN -LI

### **MID-HUDSON**

SISTERS OF CHARITY HOUSING DEVELOPMENT CORPORATION

Hudson River Housing, Inc.

Search for Change, Inc.

Community Housing Innovations Inc.

Rehabilitation Support Services, Inc. (3 awards)

PEOPLE: Projects to Empower and Organize the Psychiatrically Labeled, Inc.

Lower West Side Household Svc. Corp

St Dominic's Family Services

RUPCO, Inc.

THE CHILDRENS VILLAGE, INC

Hudson River Housing, Inc. (7 awards)

Search for Change, Inc.

FAMILY OF WOODSTOCK INC (2 awards)

St. Joseph's Hospital, Yonkers

St Dominic's Family Services

Mental Health America of Dutchess County, Inc.

Access: Supports for Living Inc.

Regional Economic Community Action Program

Rehabilitation Support Services, Inc.

THE WARTBURG HOME OF THE EVANGELICAL LUTHERAN CHURCH

THE NEWBURGH MINISTRY INC.

### **MOHAWK VALLEY**

Community Action Program for Madison Co Inc.

Mohawk Valley Community Action Agency Inc

DePaul Community Services, Inc. (3 awards)

### **NEW YORK CITY**

Common Ground Management

PROJECT RENEWAL INC

The Jewish Board of Family and Children's Services, Inc

CAMBA Inc.

Transitional Services for New York, Inc.

NEW DESTINY HOUSING CORP

WellLife Network Inc. (6 awards)

Brooklyn Community Housing and Services, Inc.

The Bridge, Inc. (3 awards)

Community Access Inc.

Providence House Inc.

RiseBoro Community Partnership Inc. (2 awards)

West Side Federation for Senior and Supportive Housing, Inc.

St. Vincent's Services, Inc.

Sheltering Arms Children and Family Services, Inc.

Federation of Organizations for the NYS Mentally Disabled, Inc.  
Bowery Residents Committee, Inc.  
CATHOLIC CHARITIES COMMUNITY SERVICES, ARCHDIOCESE OF NEW YORK  
(CCCS)  
Common Ground Management  
WellLife Network Inc.  
Community Housing Innovations Inc.  
Catholic Charities Neighborhood Services, Inc.  
Comunilife Inc.  
Housing Plus Solutions, Inc.  
Broadway Housing Communities, Inc.  
MOSHOLU MONTEFIORE COMMUNITY CENTER, INC. (2 awards)  
Housing Plus Solutions, Inc.  
Practice of Peace Foundation, Inc. (2 awards)  
NOT ON MY WATCH, INC.  
Unique People Services Inc.  
AIDS SERVICE CENTER OF LOWER MANHATTAN, INC  
The Puerto Rican Organization to Motivate, Enlighten, and Serve Addicts, Inc.  
(PROMESA) (2 awards)  
Services for the Underserved, Inc. (2 awards)  
Institute for Community Living, Inc.

### **NORTH COUNTRY**

Citizen Advocates, Inc.  
Behavioral Health Services North  
North Country Transitional Living Services, Inc.  
Eagle Star Housing, Inc.  
Domestic Violence and Rape Crisis Services of Saratoga County (3 awards)

### **SOUTHERN TIER**

Young Women's Christian Association of Binghamton & Broome County Inc.  
The Salvation Army (2 awards)  
Rehabilitation Support Services, Inc.  
Eagle Star Housing, Inc.  
People Inc.  
The Mental Health Association of Westchester Inc.  
Family Enrichment Network Inc.  
Catholic Charities of the Diocese of Rochester  
Catholic Charities of the Diocese of Rochester DBA Catholic Charities of Steuben  
Young Women's Christian Association of Binghamton & Broome County Inc.  
Liberty Resources, Inc.  
Catholic Charities of Chenango County  
Corning Council for Assistance & Information for the Disabled  
STEUBEN CHURCH PEOPLE AGAINST POVERTY, INC.

### **WESTERN NEW YORK**

Community Services for Every1 Inc  
The Salvation Army (2 awards)  
BestSelf Behavioral Health Inc. (4 awards)  
People Inc.  
DePaul Community Services, Inc. (3 awards)  
SOUTHERN TIER ENVIRONMENTS FOR LIVING, INC  
Hope of Buffalo, Inc.  
Young Women's Christian Association of the Niagara Frontier, Inc.  
East House Corporation  
Buffalo Federation of Neighborhood Centers Inc. (2 awards)  
RESTORATION SOCIETY, INC.  
People Inc.  
Transitional Services Inc  
CATTARAUGUS COMMUNITY ACTION INC  
Cazenovia Recovery Systems, Inc.  
SOLDIER ON, INC.  
SOUTHERN TIER ENVIRONMENTS FOR LIVING, INC

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)